



Pou Piblikasyon Imedya: 24/08/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GWO PWEN SOU 185 MILYON DOLA POU PWOJÈ ENFRASTRIKTI DLO LOKAL ATRAVÈ ETA NEW YORK

Apwobasyon asistans finansye a otorize aksè minisipal nan kapital ki nesèsè pou pwojè ki diminye risk sante piblik ak anviwònman yo

Yo pwojte refinance yon pwojè vil New York ak Lwa federal sou enfrastrikti bipatit la pou ekonomize 33 milyon dola pou kontribyab vil la

Yo te apwouve vant 189 milyon dola obligasyon pou refinance pwojè, fè moun k ap prete yo fè ekonomi 125 milyon dola pandan y ap bay finansman pou 25 pwojè

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Konsèy Administrasyon Kòporasyon Enstalasyon Anviwònmantal (Environmental Facilities Corporation, EFC) te apwouve 185 milyon dola asistans finansye dirèk pou pwojè amelyorasyon enfrastrikti dlo atravè Eta New York. Apwobasyon Konsèy la otorize aksè minisipal nan finansman akoutèm nan pri ki ba, plis pase 94.7 milyon dola ak sibvansyon ki te anonse anvan pou fè avanse pwojè enfrastrikti dlo ak egou enpòtan yo, tankou pwosesis tretman pou retire kontaminan k ap parèt nan dlo potab yo.

Konsèy la te pran mezi tou pou asire abòdabilite kontini epi alontèm pwojè ki egziste yo. Sa enkli vant 189 milyon dola obligasyon, ki lè yo konbine ak sibvansyon ki te otorize anvan yo ap fè minisipalite yo ekonomize yon estimasyon 125 milyon dola nan pèman sèvis dèt pou 25 pwojè nan tout eta a.

"New York angaje pou bay aksè ki fyab nan dlo pwòp epi sekirize," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Investisman istorik sa se yon etap kle pou ranfòse rezistans anviwònmantal, sante piblik, ak devlopman ekonomik nou nan kominote atravè eta a.

Sibvansyon ki apwouve jodi a genyen ladan l plis pase 44 milyon dola ki soti nan Lwa federal sou Enfrastrikti Bipatit (Bipartisan Infrastructure Law, BIL). Se EFC ki administre finansman BIL pou enfrastrikti dlo ak egou a atravè pwogram Fon Woulman Eta a (State Revolving Funds). Yo te apwouve Vil New York pou resevwa yon finansman BIL alontèm san enterè 42 milyon dola pou pwojè ko-pwodiksyon ak elektrifikasyon North Rive ki ankou a. Baze sou kondisyon aktyèl mache a, yo pwojte pou finansman san enterè sa fè kontribyab vil yo ekonomize yon estimasyon 33 milyon dola sou 30 an. Yon

sibvansyon BIL 2 milyon dola te apwouve tou pou Hicksville nan Konte Nassau pou yon pwojè dlo potab pou trete kontaminan ki parèt yo.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kòporasyon Etablisman Anviwònmanal (Environmental Facilities Corporation, EFC) la, Maureen A. Coleman, te deklare, "Investisman enpòtan yo anonse jodi a souliyen angajman Gouvènè Hochul pou bay aksè a dlo pwòp, ki san danje nan Eta New York, k ap amelyore kalite lavi epi ouvri pòt pou opòtinite alavni yo. Efò EFC yo fèt pou konstui kapasite lokal epi pozisyon kominote yo pou antreprann pwojè dlo ak egou ki enpòtan yo avèk siksè epi nan pri ki abòdab. EFC konsantre pou ede kominote yo lè li sèvi antanke yon resous – ke bezwen an se pou asistans teknik oswa finansye."

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal Eta New York la ak Prezidan Konsèy EFC a, Basil Seggos te deklare, "Investisman enpòtan ki apwouve jodi a ap kore efò modènizasyon enfrastrikti ansyen nan tout eta a epi garanti apwovizyonman dlo potab pou jenerasyon k ap vini yo. Gouvènè Hochul ap fè investisman jenerasyonèl yo pwogrese pou amelyore kalite dlo Eta New York lè li asire ke kominote lokal yo gen resous ak ekspètiz teknik pou finanse pwojè esansyèl sa yo, k ap pwoteje sante piblik la epi kore apwovizyonman dlo ki san danje, ki pwòp pou ane k ap vini yo."

Komisè Sante Eta New York la, Doktè James McDonald, te deklare, "Investisman enpòtan sa ap amelyore enfrastrikti eta a epi amelyore kalite lavi pou tout Nouyòkè. Aksè nan dlo potab se yon priyorite pou sante piblik epi inisyatib enpòtan sa ap ede asire sekirite ak byennèt rezidan nan tout eta a."

Sekretè Deta a, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Dlo potab ki pwòp epi aksesib se yon priyorite kle pou kominote atravè eta yo. New York kontinye fè investisman ki pwoaktif – ki enkli plis pase 185 milyon dola – pou bay sipò pou amelyorasyon enfrastrikti dlo ki enpòtan. Investisman sa yo nan vil ak komin nou yo ap ede soutni epi amelyore enfrastrikti dlo nou an pou jenerasyon k ap vini yo."

Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare, "Investisman istorik ke mwen sekirize nan Lwa Bipatit sou Enfrastrikti ak Travay la ap koule epi poze baz pou asire dlo potab ki pwòp epi san danje epi fè modènizasyon ki enpòtan pou pwojè enfrastrikti dlo yo atravè Empire State la. Pwojè sa yo ki te dwe fèt depi lontan p ap sèlman ede rann dlo New York la pi sen epi pwòp, men tou sa vle di anpil djòb ki byen peye ak yon pi bon avni pou kominote atravè New York yo. Mwen fyè pou m bay finansman federal ki enpòtan sa pou ranfòse pwojè sa yo, epi mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul pou lidèchip li. Ansanm, n ap ranvèse tandans enfrastrikti dlo ansyen New York la".

Reprezantan Grace Meng te deklare, "Antanke Reprezantan New York nan Konsèy Lidèchip Rejyonal la nan Kongrè a, Mwen kontan pou wè finansman ki dirije pou amelyore enfrastrikti dlo ak egou ki enpòtan nan eta nou an. Finansman ki apwouve a genyen ladan l 44 milyon dola lajan federal ke Lwa sou Enfrastrikti Bipatit bay, ki te adopte pa Demokrat nan Lachanm yo de zan de sa. Sa fè lontan ke m ap travay pou defann amelyorasyon nan enfrastrikti dlo yo epi m ap kontinye travay ak Administrasyon

Biden lan ak kòlèg travay mwen yo nan New York pou asire ke yo livre pwojè lwa san presedan sa pou New York."

Reprezantan Adriano Espaillat te deklare, "Mwen felisite Gouvènè Hochul pou anons jodi a ki atribye finansman federal mwen te ede sekirize nan Kongrè a atravè Lwa Bipatit sou Enfrastrikti a, pou favorize pwojè dlo ak resous pou kominote atravè eta nou a. Finansman sa ap oryante pou ede pwojè dlo pwòp ak dlo potab yo, pami lòt, pou asire sekirite ak byennèt elektè mwen yo ak tout Nouyòkè. Sa ki pi enpòtan, l ap favorize enfrastrikti ki rezistan kont katastwòf, jesyon dlo siklòn, ak entegrasyon pwojeksyon sou pèspektiv chanjman klimatik la nan sistèm drenaj New York yo."

Apwobasyon Konsèy la enkli finansman atravè [Fon Woulman Eta a pou Dlo Pwòp \(Clean Water State Revolving Fund, CWSRF\)](#) ak [Fon Woulman Eta a pou Dlo Potab \(Drinking Water State Revolving Fund, DWSRF\)](#) ak sibvansyon yo te deja anonse konfòmman ak pwogram [Sibvansyon pou Amelyorasyon Enfrastrikti Dlo ak Sibvansyon Entèminisipal](#) yo.

Pwojè dlo pwòp yo:

- **Vilaj Carthage, Konte Jefferson** - 231,750 dola finansman akoutèm san enterè ak 561,375 dola sibvansyon WIIA pou planifikasyon, konsepsyon ak konstriksyon amelyorasyon sistèm koleksyon yo. Vilaj la ap resevwa tou yon sibvansyon minisipal 1,726,900 pou debòdman egou ak retilizasyon dlo lapli.
- **Vil Cherry Creek, Konte Chautauqua** - 1,573,000 dola finansman akoutèm san enterè pou planifikasyon, konsepsyon ak konstriksyon amelyorasyon egou sanitè ak dlo ize nan etablisman kontwòl polisyon dlo komin nan.
- **Vilaj Depew, Konte Erie** - 202,500 dola finansman akoutèm, san enterè, 877,500 dola finansman akoutèm nan to mache a ak yon sibvansyon 458,750 dola WIIA pou planifikasyon, konsepsyon, ak konstriksyon amelyorasyon egou sanitè pou redwi aflik ak enfiltrasyon nan sistèm koleksyon vilaj la.
- **Vilaj Peekskill, Konte Westchester** - 750,000 dola sibvansyon WIIA pou planifikasyon, konsepsyon ak konstriksyon amelyorasyon fòs egou saninè nan Lower South Street, ki enkli enstalasyon yon nouvo estasyon ponp epi fòse kondui a pou diminye fli ak enfiltrasyon nan Izin Tretman Dlo Ize Peekskill nan Konte Westchester.

Pwojè Dlo Potab:

- **Distri Dlo Carle Place, Konte Nassau** - Sibvansyon WIIA 5,000,000 dola pou enstalasyon yon sistèm tretman pwosesis oksidasyon avanse ak yon sistèm tretman kabòn aktive granilè nan Pi Nimewo 5 pou retire 1,4-dyoksan.
- **Distri Dlo Garden City Park, Konte Nassau** - Sibvansyon WIIA 4,363,200 dola pou enstalasyon yon sistèm tretman pwosesis oksidasyon

avanse pou retire 1,4-dyoksan ak yon sistèm kabòn aktive granilè pou retire PFOA ak PFOS.

- **Konte Genesee** – IMG 1,213,600 pou amelyorasyon nan apwovizyonman dlo konte a pou pèmèt yon lòt 2.4 milyon galon siplemantè pa jou nan apwovizyonman dlo Otorite Dlo Konte Monroe.
- **Distri Dlo Hampton Bays, Konte Suffolk** - 2,724,000 dola sibvansyon WIIA pou enstalasyon de fòs transmisyon dlo 12" nan Kanal Shinnecock ak Shinnecock Bay.
- **Distri Dlo Hicksville, Konte Nassau** - Sibvansyon WIIA 3,000,000 dola ak sibvansyon BIL 2,000,000 pou Kontaminan ki Emèje (Emerging Contaminants) pou enstalasyon pwosesis oksidasyon avanse ak sistèm tretman kabòn aktive granilè nan pi Izin Nimewo 6, 6-1R ak 6-2 pou retire 1,4-dyoksan, PFOA ak PFOS.
- **Distri Dlo Plainview, Konte Nassau** - Sibvansyon WIIA 13,840,200 dola pou enstalasyon yon sistèm tretman pwosesis oksidasyon avanse ak yon sistèm tretman kabòn aktive granilè nan Izin Nimewo 5, Pi Nimewo 5-1, 5-2, 5-3 ak 5-4 pou retire 1,4-dyoksan, PFOA ak PFOS.
- **Otorite Dlo Konte Saratoga** – 10,000,000 dola finansman akoutèm nan to mache a pou konstriksyon yon lòt rezèvw a dlo 5 milyon galon siplemantè akote rezèvw a dlo 5 milyon galon an nan Rezèvw a Cordero Drive la.
- **Distri Dlo South Farmingdale, Konte Nassau** - Sibvansyon WIIA 3,000,000 dola pou enstalasyon yon sistèm tretman pwosesis oksidasyon avanse ak yon sistèm tretman kabòn aktive granilè nan etablisman Nimewo 6 la pou retire 1,4-dyoksan nan Pi Nimewo 6-2 a
- **Distri Dlo Huntington, Konte Suffolk** - 3,435,075 dola sibvansyon WIIA pou enstalasyon sistèm tretman pa pwosede oksidasyon avanse pou retire 1,4-dyoksan ak enstalasyon Filtrasorb F-300AR kabòn pou retire PFAS nan kiv chabon aktif granilè ki egziste yo.
- **Vilaj Troy, Konte Rensselaer** - 35,657,000 dola finansman akoutèm nan to mache a ak 3,000,000 dola sibvansyon WIIA pou ranplase transmisyon fòs yo ak nouvo fòs soti nan Church Street rive nan Etablisman Anvan Tretman Melrose la (apeprè 5,500 pye lineyè chak) epitou pou ranfòse tiyo an beton ki soti nan Etablisman anvan tretman an nan Melrose rive nan Gate House 2 (apeprè 2,500 pye lineyè).
- **Vilaj Wurtsboro, Konte Sullivan** - 1,047,600 dola sibvansyon WIIA pou konstriksyon apeprè 1,100 pye lineyè kanalizasyon dlo an fè diktil 8 pous sou Sullivan Street rive Kingston Avenue, ranplasman 8 koneksyon sèvis dlo ak ranplasman rezèvw a 300,000 dlo anba tè nan vilaj la.

Pwojè refinasman ki konplete yo ap reyalize ekonomi nan sèvis dèt alontèm yo

Konsèy la te apwouve refinasman alontèm pou sis pwojè ki egziste ki bay yon total 90.6 milyon dola. Finansman akoutèm yo bay kapital pou pwojè konsepsyon ak konstriksyon yo. Depi pwojè konstriksyon yo fini, yo refinance finansman akoutèm yo an jeneral pa finansman alontèm pou jiska 30 an, ki ekonomize depans enterè ki enpòtan minisipalite yo pa rapò ak pwòp finansman yo.

Anplis finansman yo bay Vil NY la, lòt pwojè ki apwouve pou finansman san enterè alontèm yo se Otorite Finans Dlo Minisipal Albani (Albany Municipal Water Finance Authority) nan Konte Albani, Vilaj Lake George nan Konte Warren, komin Pamelaia nan Konte Jefferson ak de pwojè Vil Schenectady nan Konte Schenectady. Baze sou kondisyon mache aktyèl yo, yo pwojte ke finansman alontèm sa yo ap fè kontribyab yo ekonomize yon estimasyon 103 milyon dola nan peman enterè ak sibvansyon ki te otorize anvan yo pou tout dire lavi finansman yo.

Angajman New York pou Kalite Dlo ak Opòtinite Finansman Aktyèl yo

Investisman prensipal Eta New York nan enfrastrikti dlo pwòp totalize 5 milya dola depi 2017. Anba lidèchip Gouvènè Hochul, bidjè adopte 2023-24 la gen ladan 500 milyon dola nan finansman dlo pwòp. Gouvènè a te lanse Ekip Asistans Kominotè ane sa a pou elaji pwogram asistans teknik EFC epi ede ti kominote riral yo ak kominote ki defavorize yo ogmante finansman sa a pou adrese bezwen enfrastrikti dlo pwòp yo. Yo ankouraje nenpòt kominote ki bezwen èd ak bezwen enfrastrikti dlo yo pou kontakte EFC nan efc.ny.gov/CAT.

[Lwa sou Obligasyon pou dlo pwòp, lè pwòp ak travay ekolojik \(Clean Water, Clean Air and Green Jobs Environmental Bond Act\)](#) 4.2 milya dola elektè yo apwouve a ap fè nivo finansman istorik la avanse pou modènize enfrastrikti dlo ki ansyen epi pwoteje kalite dlo, ranfòse kapasite kominote yo pou yo reziste kont gwo tanpèt ak inondasyon, redwi polisyon nan lè a epi diminye emisyon ki chanje klima yo; retabli abita yo epi prezève espas deyò ak fèm lokal yo. Kominote defavorize yo pral resevwa omwen 35 pousan nan benefis finansman Lwa sou Obligasyon an, avèk yon objektif 40 pousan.

Pataje ide ou yo sou kijan Lwa sou Obligasyon an ta ka ede kominote w la ak anviwònman an. Ranpli yon sondaj tou kout nan <https://bit.ly/BondActSurvey> pou soumèt ide pwojè yo ak lòt kòmantè. Dat limit sondaj la se 15 septanm.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)